

KWIGISHA

IVYO

GUTATURA AMATATI

NO

KUREMESHA AMAHORO

THARS

## INTANGAMARARA KU BIGISHA.

Iki gitabo gikozwe mu buryo bw'uko mushobora kuzofashwa mu gutahura ivyo gutatura amatati kandi mugatahura n'ivyerekeye ivyo kuremesha amahoro mukazoshobora no kunyanisha abantu.

Ikivyongeyeko, turizera y'uko iki gitabo kizobashoboza no kwigisha abakuze n'abato, kibahe ubwenge ubumenyi bwo gushoboza abantu gutahura no kumenya uburyo bwo kuremesha amahoro. Kizobabwira ivyerekeye kwubaha ubuzima bwa kiremwa muntu no kubona ko hariho ubundi buryo bwiza bw'amahoro atari ubw'intambara, kubaho neza, kwubahana no kwubahiriza ubuzima bw'abandi bantu.

Iki gitabo gitunganijwe gurtya :

- 1) **Amatati ico ari co** : Muri iki gice muzocishwa mu myimenyerezo yerekeye amatati n'akaga kayo hamwe ingene amatati ashobora kuvamwo ivyiza.
- 2) **Gutega amatwi**: Akamaro ko kwumviriza neza mu gutorera umuti amatati no kuremesha amahoro.
- 3) **Uburyo bwo kumvikanisha**: Ingene umuntu yotatura abatase bagasubira kwumvikana ata wandywa ngura.
- 4) **Uguhinduka kw'imigenderanire**: Ingene imigenderanire y'abatase isubira kuba myiza hakaba kunywana, gusubiza hamwe no gukiza inguma z'imbere mu mutima.
- 5) **Amahoro ico ari co** : Insiguro zerekeye amahoro n'ingene umuntu ashobora kuyatahura.
- 6) **Ivyo gushira mu ngiro** : Ako ni akaryo ko kwerekana ibintu bifadika abamaze kwigishwa izi nyigisho baca babona ivyo bokora ngo bashire mu ngiro ivyo bamaze kwiga.

Izo ntambuko zitandatu zitegerezwa kwigishwa mu kiringo c'imisi itatu. Nk'abigisha mwohava mushaka kudakora imisi itatu ikurikirana kuko mufise ayandi mabanga mushinzwe. Yamara vyoba vyiza hadaciye ikiringo kinini hagati y'intambuko imwe n'iyikurikira. Kandi ikindi na co ni uko izo ntambuko zo kurikirana nk'uko twumaze kuzidondagura aho haruguru.

Ibiri mur'iki gitabo vyanditswe mu buryo mushobora gukoresha umwanya neza igihe muriko murigisha umurwi wanyu. Mu birimwo muzosangamwo ivyo muzobigisha n'ingene muzobibigisha. Yamara, bizobavako; ingene muzocapura canke mugafata uturorero ku vyo mwabonye canke mwaciymwo. Murashobora gukoresha uburyo bwo kwigisha butarambira abantu canke mugakoresha ubundi buryo bwo kwigisha bujanye n'ibihe mugenzemwo.

Turasaba dushimitse y'uko mwebwe abigisha mutotanga inyishu zose. Ni musigure canke murondere inyishu zivuye mu gutahura kw'abigishwa ubwabo hanyuma izo nyishu mucce muziharirako. Gutanga inyishu zose zije mu mutwe no kuvuga ikiri mu mutwe cose bifise ingaruka nziza ku murwi wose kuko imitwe ikora ikoranye. Ivyo abantu benshi baciemwo birashobora kugereranywa kandi bigashirwa mu murwi kugira ngo bakuremwo icirwa n'insiguro nyakuri.

Nk'umwigisha, ntukwiye kuba uriko urigisha gusa mu buryo bw'imigenzo yamara ukwiye kumera nk'umufasha n'uworohereza abigishwa kugira ngo bigiraniereko canke bigishanye.

## IKIGABANE CA MBERE.

### A. INTAMBUKO YA MBERE: AMATATI/IBIHARI.

#### 1. Amatati/ibihari ni iki?

Intumbero yo gutangurira ku matati ni kumenya ico ari co hamwe no kumenya ingene abantu bayabona kandi bakabifata nk'ikintu gisanzwe ategerezwa kumenya ingene acifatamwo ngo ashobore kuyatorera umuti mu mahoro.

Iyi myimenyerezo ija muri iyo nzira:

- a. Andika ijambu AMATATI hagati na hagati y'urukaratasi runini canke hagati ku rubaho.
- b. Saba abigishwa bace baguha ico ari co cose biyumvira kuri iryo jambo.  
Nk'akarorero: bashobora gutanga inyishu bat: ISHAVU, INTAMBARA, KWIREMA IBICE, KURWANA, n'ibindi bisa mu mitwe yabo.
- c. Andika ayo majambo yose ku muviringo ukurikije ijambu ry'urufatiro AMATATI.  
Raba neza : Menshi mur'ayo majambo yerekana ibintu bibi.
- d. Saba abigishwa guhereraheza iryungane ririmwo ico bagareranya amatati, bat: AMATATI NI NK' .....  
Akarorero: Amatati ni nk'imbwa zirwana,... Vyongeye, ivyo biggereranyo vyose vyerekana ibintu bibi.
- e. Saba abana bose kwandika insobanuro mu majambo yabo y'amatati mu dutabo twabo two kwandikamwo canke ku rukaratasi.  
Fata nk'iminuta itanu mukora uwo mwimenyerezo.
- f. Saba abigishwa bakubarire insobanuro banditse hanyuma bishire ku rukaratasi runini canke ku kibaho.
- g. Harira kuri ivyo banditse.  
Nk'akarorero : Mbega ayo matati yoba ari hagati y'abantu canke hagati y'imirwi kandi ayo matati afatiye canke ashingiye ku ki ? Ayo matati yerekeye kutitaho canke kutaganira n'ibindi...?

- h. Mu mpera y'iki gice, cerekeye amatati saba umurwi w'abigishwa barondere insobanuro imwe y'ijambo amatati.
2. Ingene amatati ashobora kuvamwo ivyiza.

Amatati canke ibihari birashavuza abantu cane. Yamara n'amajambo ayahe yerekana iciza ku vyerekeye amatati ? Bishoboka gute y'uko abantu banezerezwa namatati ? Bamwe bashobora kwishura bavuga bati : Amatati ashobora kwamukamwo ubumwe, kwumvikana canke gukura mu kwumvikana. Inyuma y'ukurwana abantu baca bacika abagenzi.

- a. Gira urutonde rw'amajambo n'ivyiyumviro bivuga ivyiza bivuye mu matati.
- b. Baza abigishwa y'uko bizera vy'ukuri ko hariho ivyiza biva mu matati kandi uce ubasaba batange uturorero bafatiye ku vyabashikiye mu buzima bwabo.

Amatati : N'akaga kandi ni n'uburyo. Mu bisanzwe ijambo ry'igishimwa risigura « akaga » canke amatati rigizwe n'ibicapu bibiri bisobanurwa : akaga n'uburyo. No mu congereza ijambo « amatati » ryavuye mu kilatini « confliger » risobanurwa canke risigura « gusyagira hamwe ».

Akarorero : kuvuguta icuma kw'ibuye kugira bizane umuriro nk'uko abacuzi bagira.

- c. Baza abigishwa ko bovuga amajambo mu kirundi ari imvuga rimwe zamatati.
- d. Andika ayo majambo ku rubaho.  
Raba neza : Ayo majambo arerekana uburyo na bumwe ? Canke yerekana akaga gusa ?

### 3. Agakino k'umwimenyerezo :

Umwigisha ategerezwa guhagarara hagati mw'ishule hanyuma akavuga y'uko ahagarariye amatati. Igihe ahagaze aho hantu, umwigisha ategerezwa gusaba abigishwa guhagarara bakishira mu migendereranire y'ukugene bifata mu matati nk'uko basanzwe bobigira mu gihe amatati ashitse.

Mbega bahagarara imbere y'ayo matati bakayitega ? Nimba bayitega, abigishwa bahitamwo ubwo buryo bwo gutorera umuti amatati bategerezwa guhagarara imbere y'umwigisha.

Abigishwa batayitega bahitamwo kuyahagarara iriruhande canke inyuma canke kuyaja kure canke kuyaha ibitugu baca bahaguruka bakagira uko nyene iruhande y'ubo mwigisha ahagaze mu kirasi. Umwigisha ashobora gutera intege abigishwa muri ako gakino kerekeye amatati akavuga ati : « Turazi y'uko mutorera umuti kandi mufata ingorane mu buryo butandukanye ivyo na vyo bikavana no ku ngorane iyo ari yo, yamara ndizigira y'uko muzi ingene muvyifatamwo.

Kubw'ivyo rero, nyarutsa mwerekane ingene muvyifatamwo mu kuja mu bibanza mutegerezwa kujamwo ».

Igihe bahejeje gufata ibibanza umwigisha akwiye kubaza ibi bibazo bikurikira :

Kubera iki wahagaze neza imbere yamatati ?

Inyishu ishobora kuba : «Kuko ngomba kumenya ibiriko biraba kugira ngo nce ndabitorera umuti ako kanya nyene ».

Uwundi mwigishwa ashobora kuba ahagaze inyuma akabazwa ico kibazo nyene, uwo nawe ashobora kwishura ati : « Sinkunda amatati, ndatinya kuyaturukira ni co gituma ndayatera ibitugu ».

Baza abigishwa benshi bashoboka ibibazo nk'ivyo, igituma bahagaze mu bibanza barimwo.

Ushobora kandi kubaza umuntu wese ingene batoreye umuti amatati i muhira iwabo bakiri abana.

Barashobora kwishura bavuga bati: «Umuvyeyi wanje yahora ahagarika amatati mu kudukankamira imisi yose».

Canke bakavuga bati : «Sinigeze mbona amatati muhira igihe nari nkiri mwana».

Ico ako gakino k'umwimenyerezo gakora :

- a. Ubwa mbere gafasha umwigishwa kwiyumvira ku kugene atorera umuti amatati. Abantu bamwe barazi ivyo bakora n'igituma babikora, abandi na bo babikora batazi igituma.  
Raba neza: Ibi bishobora kuba bifitaniye isano n'ukugene amatati yatorerwa umuti igihe bari bakiri abana.
- b. Ubwa kabiri, gafasha umuntu kumenya ubwenge bufatiye ku buryo bwinshi bw'ukugene abantu batorera umuti ingorane n'ukugene batatura amatati.

Uburyo abantu bifata mu matati : Iyi nkuru ikurikira yerekeye uburyo bwo gutorera ingorane amatati inyishu.

Hariho uburyo butatu ngenderwako dukoresha mu gutunganiriza no kwumviriza abantu batase. Ubu buryo na bwo ni:

- a. Ukubirenzako uruho rw'amazi,
- b. Kwita ku ngorane ukazisukamwo, ugashira mu migere
- c. Ukuzitorera umuti. (Wampler na Hess, 1990).

Agakino ko kwimenyereza inyifato yo gutorera umuti:

Uwubara inkuru ya mbere : Papi na Yoweli bariko barakina ikibuguzo igihe Yona yinjira  
Papi aca yitegerezza Yona yamara ntiyagira ijambo avuga.

Yona : Mwaramutse

Yoweli : Mwaramutse Yona.

Yona : Papi, mugenzi wanje, n'ibiki bitagenda neza ?

Papi : Nta co

Yona: Mugenzi wanje, nibaza yuko utagumiza mu mutwe ivyo bihejeje kuba

Papi: Ntiyavyitaho

Inkuru igira kabiri:

Yona: Mwaramutse

Yoweli: Mwramutse Yona

Yona: Papi, mugenzi wanje, bite?

Papi: Iyaba wari uzi ico nzi wari kumbabarira!

Yona: Ndakubaririye naho?

Papi: Urabona ico ndico!

Yona: (akorakora ku rutugu Papi) Mugenzi wanje

Papi: (Arashavuye akubita Yona) Sinkeneye Mvako!

Uwubara Inkuru: Papi na Yona baca bararwana.

Inkuru igira gatatu:

Yona: Mwaramutse

Yoweli: Bwakeye Yona

Yona: Papi mugenzi wanje, n'iki kitagenda neza?

Papi: Amajuru

Yona: Papi, mbabarira ku vyabaye ejo, sinabigize ndabishaka

Papi: Nta ngorane. Twese turakora amakosha. Ni uze dukine.

Inyuma y'ako gokino hari uburyo bwakoreshejwe kugira ngo batorere umuti amatati bari bafitaniye. Muri ibi vyashitse, biboneka neza y'uko kubirenzako uruh rw'amazi ari bwo buryo bwakoreshejwe kuko Papi yashavuriye Yona yamara ntiyemera y'uko ashavuye. Aho kubivuga, yavyigumijemwo. Haba iki igihe ishavu rigumijwe mu mutima. Habaye iki hagati ya Papi na Yona?

Ubu naho ni mwandike iruhande y'ukubirenzako uruh rw'amazi inyishu y'ibi bibazo bikurikira:

1. Ni nde yari ashavuye mw'iherezo ry'aka gokino? Tubimenya gute?
2. Ni nde yari anezerewe
3. Ni nde yariko aravyumviriza ?
4. Haba iki abo bantu basubiriye guhura ?

Ubu na ho ni muheraheze agakino ka kabiri: Mwerekane ubwoko bwo gutorera umuti ingorane bwakoreshejwe.

Mbega ibi si vyo vyitwa gushira mu migere? Tuzi y'uko kurwana biba igihe abantu bashavuye, bagateraterana amajambo batukana bigaherera mu migere rimwe na rimwe. Muri ico gihe nta n'umwe aba ashaka kwumviriza uwundi, amaherezo n'uko baca barwana.

Mu guheraheza, gira ico muvuze ku gakino kagira gatatu.

Yamara ico mwoba muramenya ni uko ubu ari uburyo bwo gutatura amatati. Igihe abantu bipfuza gushira ahabona ingorane zabo mu mahoro no mu buryo bwubaka, baba bariko baravuga y'uko ikibazo kibaraje ishinga n'urya wundi muntu atari ico gufata minenerwe. Ubu buryo bwo gushaka gutorera umuti ingorane ni ngombwa ko bushika ku nyishu ishimisha bose.

Ongera kandi wandike inyishu za vya bibazo twabaza hamwe ku zindi nyifato musi y'ivyo na vyo vyo gutorera umuti ingorane .

Ivyo gukorera mu migwi:

- a. Igihe ubwo buryo butatu bwahaririwe bihagije umwigisha ategerezwa kugabura abigishwa mu mirwi itatu.
- b. Umurwi umwe umwe wose uhabwe urukaratasi rwanditseko uburyo bwo gutorera umuti amatati muri bumwe butatu.
- c. Iyo mirwi ntitegerezwa kubarirana icanditswe ku nkaratasi baronse.
- d. Umurwi wose utegerezwa gutegura agakino kerekana ivyanditswe ku rukaratasi baronse.
- e. Inyuma y'iminuta cumi, hamagara iyo mirwi igaruke ije hamwe hanyuma usabe umurwi wose gukina ivyo wateguye.
- f. Hanyuma uce usaba abigishwa bari mu yindi mirwi gutomboza, bavuge ubwoko bwo gutatura amatati bwakoreshejwe.
- g. Basabe bavuge ingene uburyo bwo gutorera umuti ingorane bwakoreshejwe.
- h. Saba abanyeshule bavuge ibije mu bwenge bwabo vyose vyerekeye ingene kubirenzako uruho rw'amazi canke gushira mu migere bitigera bitunganya ingorane abantu bafitaniye.

#### TANDUKANYA AMATATI, AMATATI ARI KWINSHI

Ni ivya nkenerwa cane gufasha abigishwa gutandukanya amatati. Hari amatati ashobora kuba ari mu bigishwa umwe-umwe ukwiwe, amatati ashobora kuba ari hagati y'abigishwa ubwabo canke abantu bari hamwe, hamwe reo n'amatati ari hagati y'abandi bantu.

Iyi myimenyerezo ni iyo kugira ngo abigishwa batahure ubwoko bw'ingorane/amatati ubwo aribwo, kugira ngo na bo bazoshobore kubitahuza abandi.

Amatati/ingorane ziri hagati y'amoko na zo nyene zitegerezwa gushirwa ahabona, hamwe n'ingorane ziri hagati mu gihugu n'iziri hagati y'ibindibihugu.

Ingorane z'imbere mu mutima.

- a. Saba abigishwa bandike ku rukaratasi runini ingorane/amatati ashobora kuba imbere mu mitima, canke bavyandike ku rubaho.  
Nk'akarorero: Urwo rutonde rushobora kuba rurimwo ibibazo vyerekeye iciza n'ikibi, imigambi ya kazozza, ibikwiye gukorwa; kwiyumva y'uko wanswe kandi watawe n'abantu (n'umugenzi nk'akarorero); canke kugira ingorane imbere mu mutima zituma umuntu agira umutima wiyumvira nabi abo mudasangije ubwoko.
- b. Harira isoko n'ibituma habaho amatati y'imbere mu mutima n'uko kwiyumva y'uko igihe wumva ufise umutima mubi ku bandi.
- c. Baza ingene botorera umuti izo ngorane.  
Nk'akarorero: "Nshobora kubivugana n'umuntu nizigiye".

## B. INTAMBUKO YA KABIRI : GUTEGA UGUTI.

### 1. Kwumviriza

Intumbero y'iki gice, ni gusigura no gushira mu ngiro ukwitwararika umuntu ukamutega ugutwi. Tuvyita kwitwararika kuko birengeye kwumviriza gusanze. Birarengeye ugutega amatwi gusanze kuko bituma umuntu yubaha uwundi, bikubaka kwizigirana no kugiranira imigenderanire.

Egome humva amatwi yamara ngaha n'umutima urimwo. Kugira ngo tube abumviriza beza, dutegerezwa kuvyitwararika, tukumviriza, tugatega ugutwi uwuriko araganira, avugana natwe kandi na we akamenya neza y'uko turiko turamwumvirza n'umwete igihe twishuye neza ikibazo tubajije, canke ibijanye n'ivyo twariko turaganirako.

Ibi bikurikira, ni imyimenyerezo imwe y'abigishwa kugira ngo bibafashe gutahura ubwo buhinga n'ukugene bikorwa.

### 2. Ukwumviriza kwiza n'ukwumviriza kutitwariritse.

Intumbero y'iyi myimenyerezo n'ukwerekana utuntu tumwe turanga ukwumviriza kwiza n'ugutega amatwi kutitwarirtswe hamwe n'ingaruka ivyo bishobora kuvyara ku bumviriza.

- a. Saba umwigishwa akubwire inkuru ishobora kuba yarabaye mu misi mikeya iheze. Iyo nkuru ishobora kuba nziza canke mbi.
- b. Uko akwiganira iyo nkuru mera nk'uwutariko arumviriza mu gushiramwo ibindi bintu ko:
  - 1) Kumuhagarika ushiramwo ayandi majambo, uhindura ivyo yariko arakwiganira.
  - 2) Wirabire mw'idirisha hanze

- 3) Niba ari inkuru ibabaje uvuge uti: “nta co bisa bisana n’ivyanshikiye, utwo ni dutoyi cane”.
  - 4) Mera nk’uwurambiwe kandi utabinezwe.
  - 5) Raba kw’isaha uce wayuza.
  - c. Saba abigishwa bakubwire ivyerekana y’uko wumvirije uwo muntu uvyyitayeho
  - d. Saba uwo mwigishwa nyene yariko arakudondera iyo nkuru kwongera kuyikubarira ukundi gusha canke kuyibandanya.
  - e. Ubu naho erekana y’uko unezwe, witayeho kwumviriza ivyo ariko arakubarira mu kugira ibi bikurikira:
    - 1) Kwerekanisha umutwe ko wemeye canke uhakanye no kuvuga uti: “mee, canke yaga”
    - 2) Kumuraba mu maso yamara utamushinze ijisho
    - 3) Gusa n’uwuhengamiye iyo ari
    - 4) Vuga mu majambo yawe ivyo yavuze, witwararika uko yiymva n’uko yavuze
    - 5) Baza utubazo kugira ngo utahure kurusha.
  - f. Baza abigishwa bakubarire ivyerekana y’uko wariko urumviriza ubinezwe canke uvyyitayeho.
  - g. Andika ku rubaho ivyo bavuze vyerekana y’uko wari witayeho kwumviriza ku rubaho canke ku rukaratasi runini.
  - h. Harira ku bindi bintu vyerekana ukwumviriza neza.
- Nk’akarorero: Ijambo ry’igishinwa risigura irivuga kwumviriza rigizwe n’ibintu bine. Ugutwi, ijisho, ukwumviriza gushizweko umwete hamwe n’umutima. Mbega ntidutegerezwa kwumviriza n’umutima wacu wose?
- i. Andika ayo majambo ane ku rubaho: Ututwi, Kwumviriza, Ijisho, Umutima.
3. Itandukaniro hagati y’ukwumviriza witayeho umuntu n’ukwumviriza utamwitayeho.

Harimwo ubuhinga. Bisaba ukumva ubabaye uwuriko aravuga. Ibi ni ivyo ukuri, kandi ntivyoroshe cane cane igehe umuntu ashavuriye uwundi canke yababaye cane mu mutima wiwe.

Ukwumviriza kwiza gutuma nyene kuvuga yumva y’uko na we witayeho ivyo ariko aragushikiriza. “Kumviriza ni co kintu ca mbere ngira kamaro dushobora gukorera uwundi muntu”.

Igikorwa co gutega amatwi uwundi ni co kimwe n’igikorwa wokora mu gukunda gushoboza abandi gufata ivyemezo mu buggingo bwabo, no kwihitiramwo bo nyene ubwabo.

4. Umwimenyerezo wo gutega ugutwi, kwumviriza.

Intumbero y'uwu mwimenyerezo wo kwumviriza ni kugira ngo umuntu amenye ico ari co kuba uwuvuga uwundi aguteze ugutwi ata rindi jambo na rimwe avuga.

- a. Mu gutangura, saba umwigishwa wese ahindukire arabe mugenzi we hanyuma uce usigura y'uko:
  - 1) Umurwi wose wa babiri babiri uhitamwo uwuvuga inkuru n'uwumviriza n'uwtangura kwumviriza ubwa mbere.
  - 2) Uwuvuga ubwa mbere adonda inkuru y'ingirakamaro ayibwire mugenzi we.  
Nk'akarorero: ivyabashikiye iwabo mu gihe c'intambara. Canke barashobora kuvuga ku biberekeye yamara vy'ingirakamaro cane nk'igikorwa, akazi kabo canke ivyigwa vyabo n'ibindi.
  - 3) Uwumviriza ubwa mbere ategerezwa gутega ugutwi ata jambo na rimwe avuga.
  - 4) Ukwumviriza kwiza gutegerezwa kwerekanwa n'ivyo uwundi yerekanira ku mubiri, nko guhuza amaso, kwerekanisha umutwe ko uvymeye canke ubihakanye, gutwenga canke ukavyerekanisha ukugene umeze mu maso.
  - 5) Abigishwa ni bibuke ivyo babonye mu mwimenyerezo waheze.
- b. Uwuvuga ubwa mbere aca atangura kudondora inkuru yiwe afise gushikiriza. Bareke bavuge iminuta nk'itatu.
- c. Uhengereye basa n'abahejeje kuvuga, baza abo bariko baravuga inkuru zabo ibi bibazo bikurikira:
  - 1) Vyari bimeze gute kuvuga iminuta itatu atawubahagaritse?
  - 2) Uwo mwanya woba wababereye igihe kirekire?
  - 3) Mbega mwiyumvise ko mwariko murabishikiriza ababinezwe?
- d. Ubu na ho hindukirira abariko barumviriza ubabaze utu tubazo:
  - 1) Vyari bimeze gute kwumviriza iminuta ibiri ata jambo muvuze?
  - 2) Kubera iki vyari bigoye?
  - 3) Mwariko muriyumvira iki?
  - 4) Mwariko muriyumvira ivyo muza kuvuga hageze ko namwe muvuga?
- e. Ubu na ho hindura abariko baravuga bumvirize abariko barumviriza bavuge inkuru zabo na bo iminuta itatu. Iyo minuta ibiri iheze umwigisa abaze ibibazo nk'ivyo yabajije kuri c na d.

Biragoye kwumviriza abandi bavuga gusa na twe ataco tuvuga kubera y'uko twuzuye ivyiyumviro n'ivyipfuzo vyacu bigatuma tudaha akaryo n'umwanya ivyiyumviro n'ivyipfuzo vy'abandi. Yamara rero ibi ni vyo twari dukwiye gukora kugira ngo twumvirize neza mu gihe abandi bariko baravuga. Dutegerezwa kwiga kwumvirisha n'umutima wacu wose.

**5. Kuvuga mu yandi majambo ivyavuzwe:**

Uwu mwimenyerezo wo kwumviriza uzofasha umwigishwa gushira mu ngiro igice kitari gito co kwumviriza no gutega ugutwi, n'ukuvuga gusubiramwo ivyo uwundi yavuze mu yandi majambo.

Ni nkenerwa kumenyesha hano y'uko gusubiramwo mu yandi majambo bitegerezwa kuba bigufi ugereranije n'ivyo uwundi yavuze.

Mu yandi majambo uwumviriza ategerezwa kugeregaza kuvuga mu majambo makeya ivyo uwabara inkuru yavuze mu majambo menshi.

Vyongeye, uko gusubiramwo ayo majambo gutegerezwa gushika ku bintu bikuru bikuru hamwe n'ibitari bisanzwe vyerekanwe n'uwariko aravuga inkuru.

- a. Gabura abigishwa mu mirwi ibiri-ibiri hanyuma uhe umwigishwa wese urukaratazi ruriko uyu mwimenyerezo ukurikira wo kuvuga ivyavuzwe mu yandi majambo.
- b. Saba umwigishwa wa mbere asome igice ca mbere uwa kabiri ni na we avuge mu yandi majambo ibice bikuru vyaseruwe.
- c. Hanyuma bahejeje bace bahindura ibikorwa, uwavuze inkuru abe ari we yitabira yongere abe ari we ayivuga mu majambo yiwe.

**1) Umwigishwa wa mbere:**

Hari ikintu kibi canshikiye ijoro ryaheze. Abasuma bamenye inzu yacu hanyuma biba impene yanje. Ndashegeshwé kandi ndarambiwe n'ubwo busuma.

**2) Umunyeshure wa kabiri:**

(Akarorero k'inyishu). Urababajwe cane vy'ukuri n'iryo joro ubusuma bwimonogoje bwashitse.

**3) Umwigishwa wa mbere:**

Ntiwigera wumva ko uri mu mahoro kandi ku uruhutse igihe uzi y'uko umuntu ashobora kwiroha mu nzu yawe igihe ico ari co cose abishatse kandi agatako akagutwara ibintu vyawewe. Mfise ubwoba ko bashobora kugaruka. Mbega igihe noba ariho ndi noca ngira nte ga yemwe?

**4) Umwigishwa wa kabiri:**

Asubiramwo ivyo uwa mbere ahejeje kuvuga mu majambo makeyi.

**5) Umwigishwa wa mbere:**

Ego kandi si jewe jenyene mfise ubwoba ariko na barumuna banje na bashikanje vyarabateye ubwoba. Mbega bovyifatamwo gute mu gihe ivyo bisuma vyogaruka, bikaza bikabagirira nabi? Ndafitiye ubwoba umuryango wanje wose.

- 6) Umwigishwa wa kabiri:  
Asubiramwo ivyo uwa mbere yavuze mu yandi majambo makeyi.
- 7) Umwigishwa wa mbere:  
Uko biri kwose nta na kimwe kigenda neza iwanje, ndafise umuntu ntegerezwa gutterera ariko simbona aho nokura amahera yo kumuterera. Ntivyoroshe mu buzima.
- 8) Uwa kabiri:  
Asubiramwo ivyo uwa mbere yavuze mu yandi majambo.
- d. Ubu na ho hinduranya, uwa mbere abe uwakabiri, uwa kabiri na we asubire mu kibanza ca mbere.
- 1) Umwigishwa wa kabiri:  
Sinzi igituma umukoresha wanje Toma anshavuriye. Mbega yemwe noba namukoreye iki kibi? Uwo muntu antera ingorane nyinshi.
  - 2) Uwa mbere:  
Asubiramwo ivyo uwa kabiri yavuze mu yandi majambo.
  - 3) Uwa kabiri:  
Ndazi y'uko adakunda umuryango wanje kandi kumbure ni co gituma anyigenzako igihe cose. Nibaza ko adakwiye kuntako ishavu kubera ivyo data wacu yamubariye. Si jewe ndiho mw'isi jenyene hariho abandi benshi. None si vyo?
  - 4) Uwa mbere :  
Asubiramwo ivyo uwa kabiri yavuze mu yandi majambo.
  - 5) Uwa kabiri :  
Ikinshavuza cane n'igihe ahamagara izina ryanje imbere y'abandi bakozi bose, akantunga urutoke hanyuma akavuga ati : «Yoronimu, ni kubera iki wigira sindabibazwa nk'uko umenga ntuzi ico ukora ? »
  - 6) Uwa mbere :  
Abisubiramwo mu yandi majambo.
  - 7) Uwa kabiri :  
Nzokora ibishoboka vyose kugira ngo ndondere akandi kazi ahandi. Yamara ikimbabaje n'uko nkunda ivyo bikorwa kandi hakaba ata rindi shirahamwe ribikora rikorera hafi y'iwacu.
  - 8) Uwa mbere :  
Abisubiramwo mu yandi majambo.

- e. Subira mu mirwi muharire ivyerekeye umwimenyerezo wo kuvuga mu yandi majambo ivyo uwundi ahejeje kuvuga. Bituma mwiyumva gute ? Ni kubera iki uwo mwimenyerezo ari ngira kamaro?

Gusubiramwo ivyo uwundi yavuze n'ikintu gishasha kandi n'ikintu kitoroshe gukora kandi n'abantu ntibabikunda. Kumbure mu mico kama n'ikintu kidakundwa gukorwa cane. Bavyita gusubira uwundi mu kanwa. Yamara akamaro kavyo n'uko bituma habaho ukuganira n'ugutahurana kandi bigatuma abantu batsinda ishavu kugira ngo bashobore neza gutorera umuti ingorane n'ukutumvikana.

IKIGABANE CA KABIRI;

#### A. INTAMBUKO YA GATATU: GUTATURA AMATATI.

##### 1. Gutatura amatati/gutorera umuti ibihari :

Ibi bikurikira ni ugushira ahagarara no gusigura ugutatura amatati. Abigishwa bazoronka akaryo ko gushira mu ngiro uburyo canke ubuhinga bwo gutatura amatati.

- a. Saba abigishwa benshi bavuge amatati akunda kuboneka hagati mu gihugu, mu bakorana canke mu basangiyе ishirahamwe.
- b. Tora kimwe muri ayo matati bace bagikina imbere y'abandi.  
Ukwo kwerekana ako gokino ahagaragara gutegerezwa kubamwo ibi bikurikira:
  - 1) Amazina y'abigishwa
  - 2) Guca hirya no hino mu nca make ayo matati.
  - 3) Ibibazo vyerekeye uwo ari we, icabaye, igituma vyabayе, aho vyabereye.
- c. Abantu babiri (abigishwa babiri) ni bishinge gukina ako gokino imbere y'abandi.
- d. Abigisha babiri ni babanze bakine agokino ku kuba abahuza muri ako gokino ka mbere.
- e. Bahejeje, abigishwa na bo ni bace baba abahuza.

Inyuma ya vyose, iyи ni yo ntumbero nyamukuru y'ukwo kwigisha: Dushikirije abbigishwa ubuhinga bwo guhuza, kugira ngo bashobore kubukoresha mu buzima bwabo bwa misi yose.

Ibi bishobora gutera ubwoba abasanzwe ari abarongozi canke abakoresha, canke abigisha kubera ari bo bonyene bahora ari abahuza bakaba ari bahora batatura amatati y'abo barongoye ariko ubu tumaze kwiga ko n'abatwagwa canke abigishwa na bo nyene bashobora gufashanya mu gutorera umuti amatati yabo.

Mu gihe abigishwa canke abatwagwa batanguye kwitunganiriza ingorane baktitaturira amatati ubwabo, bica biha akaryo abigisha canke abarongozi gukora ibikorwa bategerezwa gukora, vy'uburongozi canke ubwigisha.

2. Ubuwinga bwo guhuza abantu.

a. Igice ca mbere: Intangamarara n'amategeko ngenderwako.

- 1) Mumaze kuronka abigishwa babiri bafitaniye amatati hamwe n'uwuja gukora nk'umuhuza, ni batangure kwidondorana. Hatangure umuhuza avuge ati: Mwaramutse, nitwa.... (avuge amazina yiwe) kandi ndi umuhuza.
- 2) Baza y'uko abo bantu babiri bafitaniye amatati boba, bagomba gutorera umuti canke inyishu izo ngorane bari kumwe na wewe umuhuza.
- 3) Basigurire y'uko ibivugwa muri aka kanya bizoguma ari ibanga hagati yanyu. Ni ukuvuga y'uko batazokwigera bagira uwo bazarira ivyavuye ngaho.
- 4) Ni mwemeranye ku mategeko ane ngenderwako:
  - a) Kudaciramwo uwundi ariko aravuga
  - b) Kudatetereza uwundi canke gukurankako agashambara
  - c) Kuba imvagakuri n'abizigirwa mu buryo bwose bushoboka.
  - d) Gukora cane kugira ngo mutorere umuti ingorane.

b. Igice ca kabiri: Kubara inkuru.

- 1) Tora uwutangura kuvuga. Ivyo ufatirako mu gutora uwutangura kuvuga ni ibi:
  - a) Ni nde ashavuye kurusha abandi bose?
  - b) Mbega hari uwatewe ubwoba, yakanzwe?
- 2) Baza umuntu wa mbere ivyabaye. Uribuka kuvuga mu yandi majambo ivyo wumvise kuko ni vyo ngirakamaro. Asangwa uwumvikanisha hari ivyo atumvise, ashobora gusaba uwuburana kumuhubura.
- 3) Baza uwo muntu uko yiyumva, uko amerewe n'igituma amerewe gertyo.
- 4) Subiramwo mu yandi majambo uko wumvise uwo muntu amerewe mu mutima kandi n'ukugene yiyumva kuko kenshi na kenshi gutata bitumwa n'uko umuntu ababayi mu mutima no mu mmbero ugasanga uwundi na we atazi y'uko mugenzi we ababayi.
- 5) Subiramwo uwo mwimenyerezo, mukorane n'umwigishwa wa kabiri na we avuge ivyiwe.
- 6) Baza abo bose umaze kwumviriza asangwa bafise ikindi bongera ku nkuru zabo.

c. Igice ca gatatu : Gutatura amatati.

- 1) Baza umuntu wa mbere ico ashobora gukora kugira ngo atorere umuti igice canke ibice bigize ingorane zimwega canke zimuraba canke zimwerekeye.

- 2) Baza uwa kabiri nimba ashobora kwemera no gushikira umuti w'ingorane watowe n'umuntu wa mbere. Nimba yemera ukugene umuntu wa mbere abona ko yotorera umuti ingorane ziwe. Atari uko naho...
- 3) Baza uwa kabiri uwundi muti ushaboka, canke ubundi buryo iyo ngorane yorangira.
- 4) Baza umuntu wa mbere nimba ashigikiye uwo muti canke iyo ngingo.
- 5) Subiramwo kugeza bose bumvikanye bahurire ku kintu kimwe, ko bumvikanye ko ubwo buryo ari bwo bwoheza izo ngorane zabo.  
Icitonderwa: Uraraba neza y'uko watoreye umuti ibice vyose bigize iyo gorane.

d. Igice ca kane: Ukumvikanisha.

- 1) Subiramwo umuti umuti wa nyuma watorewe ingorane bumvikanyeko. Ibi ni ukugira ngo abegwa n'ingorane bose bumvikane, bashike ku kintu kmwe kandi bumve co kimwe ibice vyose bigize iyo ngorane, kandi ko babihurijeko.
- 2) Baza umuntu wese ico yokora kugira ngo izo ngorane ntizizokwongere kubaho.
- 3) Baza inyifato yari yatumye iyo ngorane ishika.
- 4) Baza ko bishoboka guhindura iyo nyifato. Mbega barashobora guhindura iyo myifato ?
- 5) Baza abatase canke abo bari bafitaniye ingorane nimba ingorane canke ivyo bihari bumva ko vyatorewe umuti.
- 6) Saba abo bariko baraharira babwire bagenzi babo y'uko ingorane zabo canke amatati yabo ko yatorewe umuti.  
Icitonderwa: Ivyo kubwira abandi ko amatati yari hagati yabo yaheze ni vyo bituma hataba urusaku n'ibihuha mu bantu ntibasubire gukwiragiza ingene abo bantu badacana uwaka.

Kenshi na kenshi imirwi y'abagenzi ni yo ituma ibihari n'ukutumvikana bibandanya mu batase, bikanakura kandi ntibihere. Babwire rero y'uko vyahere, ko umuti watowe, mubabwire ko abari baratase babirengeye, ntibazosubire kubivuga.

- 7) Shimira abo bariko baraharira igikorwa kinini bakoze. Babwire y'uko bakoze bivuye inyuma babigiranye umutima wabo wose. Babwire ko bitari vyoroshe yamara ko babikoze neza.
- 8) Ahantu henshi, abahuza barandika icemezo bakagiha abegwa n'amatati bakagisinya, bakagishirako igikumu. Ivyo bikozwe, bitegerezwa gukorwa ningoga kandi neza. Ico cemezo kibe igikwiye yamara kandi kibe mu majambo avunaguye.
- 9) Saba abegwa n'amatati bagisinyeko mu gutera igikumu. Ivyo bituma abo bigishwa baca bumva y'uko binjiye mu masezerano, kandi uwari we wese aca amenya uruhara rwiwe.

10) Nimba icemezo canditswe kandi giteweko igikumu hari aho gishobora kuboneka y'uko ari nka politike ikinwe. Umwigisha arashobora kurondera ikindi kintu cose bashobora guhana nk'ingabire bazohora baraba akongera agasaba abari baratase gukorana mu ntoke canke kugumbirana nk'ikimenyetso kiranga canke cemeza ukwo kwumvikana.

e. Subiramwo utubazo tw'ivyo kwumvikanisha.

- 1) Ni izihe ntambuko zine zigize uburyo bwo guhuza?
- 2) Amategeko ngenderwako ane yo guhuza no kuzuriza abantu ni ayahe?
- 3) Ni nde ategerezwa gutangura kuvuga?
- 4) Ukora iki umuntu wa mbere ahejeje kuvuga ?
- 5) Ukora iki uwa kabiri ahejeje kuvuga ?
- 6) Ni nde atorera umuti ingorane ?

f. Umwimenyerezo ugigwa n'abigishwa bakurikije ivyo umwigisha yaberetse.

- 1) Gabura abigishwa mu mirwi y'abantu bane bane.
- 2) Sigura y'uko babiri baja kuba abahuza mu gakino ka mbere kandi ko mu gakino ka kabiri baca bahinduranya, ababaye abahuza bakaja kuba abatase.
- 3) Inyuma y'agakino kose baza :
  - a) Ivyagenze neza
  - b) Ingorene izo ari zo
  - c) Gutata vyari bimeze gute?
  - d) Kuba umuhuza vyari bimeze gute?
  - e) Igihe ciza caruse ibindi vyose cabaye ikihe?

Guhuza n'uburyo bumwe bwo gutunganya ingorane n'ammatati.

Kurashobora gukoreshwa mu ngorane z'umuntu ku wundi no kutumvikana kuri hagati y'amoko.

Yamara si bwo buryo bwonyene bwo kuringaniza no kuzuriza abantu mu matati. Hariho ukundi kwumvikanisha abatata nko kuja hagati, aho umurwi wa gatatu uhitamwo ico wibaza ko cohuza abo bantu babiri batase, kandi ico uhisemwo kikaba ntabanduka.

Ikindi na co ni ukwitwara gushobora kugirwa n'abatase bakaja mu rubanza kuburana bakoresheje ama sentare n'abacamanza.

Ukwo kwumvikanisha kwisangije iki muri ivyo vyose? Mbega s'uko abegwa n'ammatati ubwabo basabwa kandi bategwa inteqe kwitorera umuti n'inyishu y'ingorane zabo. Ni bwo buryo bwiza bwo kumvikana. Imirwi yegwa n'ingorane ubwayo ni yo ija hamwe.

Guhuza si ugutanga impanuro. Ni kwumviriza no gusubiramwo mu yandi majambo ivyavuzwe no kubaza abegwa n'ammatati uko babona ingene ingorane zabo zotorerwa umuti.

Ego gutanga impanuro birashobora kugira akamaro kandi birakoreshwa kenshi kandi bikagira ico vyamukamwo. Guhuza ni uburyo bushasha bwo kuringaniza amatati. Ivyo n'abana barashobora kuvyiga kandi bakanabikoresha ata ngorane.

### 3. Ugufasha abantu bakomerekanje mu mitima

Igice kinini kigize gusubiza hamwe kw'abantu bakomerekanje mu mitima n'ingene bokira inguma zo mu mutima ni ukwiga umwe umwe wese ibituma yikeka mugenzi we. Ukwankana no kwikekana biva ku vyo twishizemwo.

- a. Ubu naho bwira abigishwa bandike ibantu bitanu bibi bahomeka ku bundi bwoko. Ibi ni ibanga bitegerezwa kuguma ari ibanga.
- b. Abo bigishwa basabwa kuterekana ivyo banditse.
- c. Kandi inyuma y'ikintu kimwe cose saba abigishwa bavuge igituma ivyo bintu batabikunda.  
Icitonderwa : Igituma gitegerezwa kuba gifatiye ku mibereho myiza bakuranye, bigishijwe canke ijanye n'ivyo bigishijwe mu vyo Imana. Nimba hariho abashaka kwerekana ivyo banditse bareke babikore.
- d. Hanyuma harira ku kugene iviyumviro bibi bihomekwa ku bantu bitangura n'ukugene bikomezwa n'ingene bibandanya.
- e. Andika amoko ari muri iyo nyubakwa twokwita ishule aho muriko muragirira uru ruganda. (Urashobora kandi gutora amadini atandukanye, imiryango iri ngaho nimba abo bantu ari bo mu bwoko bumwe).
- f. Hanyuma abo bantu ubashire mu mirwi ya babiri babiri. Umurwi umwe umwe wose utegerezwa gutora ubwoko, idini banyuranije, abo bantu babiri babiri bategerezwa kwandika ibantu bibi vyose bazi kuri ubwo bwoko.
- g. Hanyuma ubwire neza abo bantu y'uko n'ubwo bavyandika badategerezwa ku vyizerwa y'uko ari vyo, yamara yuko bavyumvise bivugwa kenshi.
- h. Iyo mirwi ya babiri babiri imaze guheza kwandika ivyo bintu bibi bihomwa ku bundi bwoko, basabe babishire hamwe vyose bose.
- i. Igihe umurwi wose uhejeje gusoma ivyo wanditse ubabaze uti: Wumvise ubwoko bwawe canke umuryango, idini vyawe ivyo vyawuvuzweko vyose, wavyakiriye ute? Wiyumvise ute?
- j. Bandanya guharira ku nsiguro y'ibantu bibi abantu bomeka ku bandi, n'ingene amatati, ukutumvikana, intambara n'ayandi mabi yose atangura ku kubera ibantu bibi vyomekwa ku bantu.
- k. Ubu na ho saba abigishwa baharire ku bantu bibi vyomekwa ku bundi bwoko mu Burundi.
- l. Shira mu migwi abigishwa bose ubahe ikibazo kivuga git: N'inzira izihe twocishamwo kugira ngo tubuze abantu guhomeka ibibi ku bandi canke gufatira ubwoko mu kivunga mu gihe umwe yagize nabi?
- m. Intambuko cumi n'imwe zitegerezwa gukurikizwa:
  - 1) Kumenya: Y'uko ibantu bibi vy'ibinyoma vyomekwa ku bantu bibaho mu Burundi. Kubw'ivyo dutegerezwa kwigisha abana kwikurako ivyo bintu.

- 2) Gutunganya: I muhira, ku kazi n'ahandi hose uburyo bwiza bunyuranye n'ivyo abantu benshi bibaza. Abantu bakagira inyifato itangaza abari babibiyumvira ko ibibi.
- 3) Gutanga: Ibitabo, ibikinisho, ibicapu, amasanamu, indirimbo, video vyerekana ibicapu, n'insiguro zitandukanye abantu batari bamenyereye kwumva zirekana uko abantu babonwa ahandi.
- 4) Kwerekana: Y'uko ukunda itandukaniro n'ubudasa mu bagenzi utora mu bantu hamwe no mu bikorwa canke ubuzi butandukanye ( nko mu buganga, ubuvuzi, kubika ibantu, gukora imiduga, gukora amazi, guteka...)
- 5) Gushiraho itegeko ntabanduka: Y'uko ubwoko umuntu avamwo canke isura atari impamvu yotuma umuntu atwengwa agakengerwa, canke agafatwa ko ari atari icaremwe muntu bigatuma arekwa canke yankwa.
- 6) Gutanguza : ibikorwa, imibonano, amakoraniro, amanama yo kwemeza umuntu wese ko yokwiyemera uko ari kwose kandi no kubigisha ko Imana yaturemye twese tungana yamara dutandukanye kandi ko uwo ari we wese afise akamaro imbere y'Imana. Insiguro nyamukuru ikwiye kuba iyo kwiha indero ku vyerekeye kudahomeka ibantu bibi vy'ibinyoma ku bandi mu gihugu cacu no mu vyo twigisha abana bacu n'ibikinisho tubaha kuko muri kazoza bizogira ingaruka.
- 7) Ganira : Ku vyerekeye ibigize umuntu wese atari mu buryo bwo kumunebagura n'imigenzo imwe –imwe iva mu mico kama. Ni muvuge inkuru zerekeye abantu bo mu bundi bwoko wewe wemera cane kubera bahagurutse bakagwanya amacakubiri n'indyane z'amoko, bakavugira n'ubwoko bucinyizwa.
- 8) Fasha : Abana kwiga amatandukaniro canke ubudasa buri hagati y'ukwiyumva y'uko urengeye uri hejuru y'abandi canke usumba abandi n'ukwiyumva y'uko wiyemera uko uri kwose kandi ko wishimiye uwo uri we wese mu vyo barazwe.
- 9) Gutanga : Uburyo bwinshi ku bigishwa kugira ngo babonane bavugane baganire n'abandi badasangiye ubwoko n'imiryango kandi bavugane baganire n'abantu badasanzwe bakora ibikorwa bimwe.
- 10) Kwumviriza : Mu rupfasoni kandi vyitaweho umvirizanya. Ntimwirengagize ibibazo, hindura ivyo mwariko muravugako, gira aho mwegamiye kandi mureke ibibazo bibazwe kubogira ivyo bashaka ku menya nko ku bo badasangiye ubwoko.
- 11) Igisha : Abigishwa ukugene bategerezwa kwifata, kwigenza no kurwanya urunuka ivyo babahomekako bibi vy'ibinyoma. Kandi mwigishe abana kugira ngo bamenye ivyo ayandi moko n'imiryango bahomekwako atari vyo kugira ngo bashobore kubigwanya.

#### 4. Gukiza no gusubiza hamwe

Umwimenyerezo ujanye n'ivyo kwuzuriza abantu mu migenderanire. Ivyo abantu bahomekwako n'urwanko rw'amoko, amatati ari hagati y'abantu n'ayari hagati y'imirwi n'imiryango hamwe n'intambara. Ibi vyose vyerekeye imigenderanire ikeneye gukira no kwunganirwa.

- a. Gabura abanyeshule mu mirwi ya bane gushika kuri batandatu.
- b. Saba imirwi myinshi ivuge ico iyumvira cose ku co ari co,
  - 1) Ugushira ahabona
  - 2) Kwiyemeza kudasubira kugirira ikibi uwundi.
  - 3) Guharira canke kurekuriranira
- c. Saba iyindi mirwi na yo yishure ibibazo vyerekeye uguharira.
- d. Musubiye muri wa murwi wa rusangi saba uwuserukira umurwi wose avuge ico umurwi wiwe wiyumvira kur'ivyo bibazo. Koresha izo nsobanuro zikurikira kugira ngo usigure neza kandi uzane umuco mu gutahura kw'abigishwa.

Insobanuro:

Gushira ahabona: Ni ukuvuga ngo “Ndi mu makosa, narakosheje. Iyo ntabikora, ndicujije“. Ugushira ahabona ni intambuko ya mbere mu nzira yo gukira inguma z'imbere mu mutima.

Kwiyemeza kudasubira kugirira ikibi uwundi: Akamaro kavyo ni:

- 1) Guhinduka: (Gukora ibantu mu buryo bunyuranye n'ubwo umuntu yahora abikoramwo).
- 2) Kurondera umwidegemvyo (ntube ukiganzwa n'ishavu ntube uciyumva y'uko wacumuye, uri umunyamafuti).
- 3) Gukiza imigenderanire yari yarahungabanye
- 4) Kumenyekanisha ivyari vyarabaye nabi, ibibi vyari vyarakozwe
- 5) Gushiraho, gukoresha no gukwirikiza ubutungane.

Guharira canke kurekuriranira. Akamaro kavyo ni

- 1) Guhinduka
- 2) Kurondera umwidegemvyo
- 3) Gukiza no gusanasana imigenderanire yahungabanye canke yononekaye
- 4) Kurondera no gukurikiza ubutungane.

## IKIGABANE CA GATATU.

### A. INTAMBUKO YA KANE: AMAHORO

1. Amahoro n'iki? Baza abigishwa insobanuro y'amahoro?

Izo nsobanuro zandike ku kibaho canke ku rukaratasi runini. Imitima yuzuye amahoro ishikana ku gihugu c'amahoro.

Insiguro canke imvugarimwe zimwe zimwe zivyo amahoro zishobora kuvugwa:

- a. Gutorera umuti, inyishu, z'ingorane, gutunganya ingorane
- b. Umutima utuje.

- c. Kubana ata wandya wangura
  - d. Kutagira ubwoba
  - e. Kutaremererwa n'ingorane
  - f. Uburuhukiro bw'umutima n'umushaha.
2. Ni ayahé amajambo akoreshwa canke asigura amahoro mu rurimi rw'ikirundi, canke mu ndimi zikoreshwa aho mu Burundi?
- a. Barira abigishwa bayandike bace batanga insiguro y'ayo majambo.
  - b. Nk'akarorero, AMHORO mu kirundi ni yo ndamukanyo mu Burundi bisigura y'uko ata ngorane nta kibi cabayeho.
3. Agakino gafatiye ku ndome z'ikirundi kerekeye amahoro n'intambara.
- a. Umwigisha ni yandike indome z'urukurikirane A B C D E F G H I J gushika kuri Z azandike amanuka ku nkaratasi nini nini zimanitse mu cumba muriko muragiriramwo ibi vyigwa canke ku kibaho imbere y'abigishwa.
  - b. Hanyuma hejuru ku ruhande rw'i bubamfu yandike AMAHORO no hejuru mu ruhande rw'i buryo bw'ikibaho canke kuri za mpapuro yamanika yandike INTAMBARA.
  - c. Ku ndome yose igize indome z'ikirundi zimwe ABCDEFG yandika gushika kuri Z, asabe umurwi w'abigishwa bavuge bahereye kuri A ikintu cose kiza mu bwenge kijanye n'amahoro canke n'intambara.
- Nk'akarorero : Wewe umwigisha uravuga uti Kuri A inyishu ya mbere irashobora kuba Amagume canke Amatati. Ivyo uce uvyanidika musi y'intambara.
- d. Ntugire aho uhengamira, pfa kuvuga indome hanyuma nawe urabe ingene bishura. Ivyo bishuye vyose uvyanidike munsi y'izo ntonde zibiri.
  - e. Umwigisha ategerezwa kuguma yibuka incuro umurwi wose wavyuze ivyerekeye INTAMBARA imbere y'uko bavuga ijambo ryekeye AMAHORO. Kenshi na kenshi ijambo rijanye n'intambara ni ryo riguma riza ubwa mbere muri ako gakino. Kubera iki ?
  - f. Mara akanya gato uhe abigishwa bavuge ivyo b'iyumvira bituma ijambo ry'INTAMBARA ari ryo riguma riza ubwa mbere imbere y'irivuga AMAHORO.
4. Amahoro ni iki ku bwoko kandi asigura iki mu gihugu cose ? (Igikorwa co mu mirwi).
- a. Tanga akanya abigishwa baje mu migwi bahanahane insiguro ivuga amahoro ico ari co. Bagarutse uce ubabwira ico wiyumvira ku mahoro nk'umwigisha. Ehe raba :
    - 1) Amahoro ntibisigura y'uko ari ahantu hatari intambara gusa. Ni n'ahantu hari amamjambere n'iterambere, ubutungane no kwubahana, kwubaha no kwubahiriza ikiremwa muntu.
    - 2) Bisigura ahantu abantu bashobora kubana batembera uko bashaka, bishira bakizana n'agateka ka zina muntu kose kakubahirizwa, ntigahonyangwe.

- 3) Amahoro si ikintu kiguma hamwe nk'ikigiga. Arafise iyo aja kandi hariho n'ibitegerezwa gukorwa.
- 4) Amahoro ntiyizana ubwayo abantu bategerezwa kuyabungabunga mu gukora ibantu bikwiriye kandi bigororotse, mu kuba abayaremesha n'ababanguranya.

Hari umuntu yavuze ati: « Nariyumviriye igituma umuntu ataco akora mu kubungabunga amahoro hanyuma nsanga uyo muntu ataco akora mu kubungabunga amahoro ni jewe ».

- b. Asangwa abigishwa bazi gusoma no kwandika, babarire bandike inyishu kuri iki kibazo gikurikira :

Mbega mwebwe mwoshobora gute kuba abaremsha amahoro muhira, mu kazi iwanyu, mu mashirahamwe yanyu, mu mihana muvamwo, mu bwoko bwanyu no mu gihugu cose ?

Inyishu: Dutegerezwa kwiga kunezerererwa ubudasa, amatandukaniro y'uko turemwe, uwoko, imiryango, ivyo twizera. Ivyo kwinuba abandi bishobora guterwa n'ingene abantu bavugwa mu biyago, amaradiyo, amakuru n'ivyanditswe, bishobora kubeshera abantu bivuye ku bamenyeshamakuru bamwe-bamwe bashobora kuvuga ivyo batatohoje.

Ikindi gihe naho tukabikura kuri ba sogokuru canke mu vyo twamye twizera vyavuye mu karonda ko mu mico kama. Ivyo vyose dutegerezwa kubikura mu mitwe yacu kuko ivyo twize dushobora no kuvyyiyigura canke kuvyyikuramwo.

Muri ico gihe amahoro duca tuyabaho atari kuyavuga gusa, tukiga kubanguranya, amatati ntituyarenze ko uruho rw'amazi, ariko tukaya hanga tukayatorera umuti.

Mu kibano, mu mashirahamwe, ku kazi iwacu duca twiga kurengera ivyo gushira mu migere, tukarondera kutababazanya n'aho tutoba dusangiyi ivyiyumviro kuri vyose, canke dudasangiyi umugambwe canke uwoko canke intara.

- c. Intambamyi z'amahoro ni izihe? Baza abigishwa intambamyi zimwe zimwe z'amahoro mu bugingo bwabo, mu mihana yabo, mu ngo zabo, mu bantu babo no mu gihugu cose.

- 1) Amatati/ibihari
- 2) Ingwano
- 3) Amacakubiri
- 4) Akarenganyo
- 5) Ubwicanyi
- 6) Umunoho, inda ndende
- 7) Gukoresha nabi ububasha
- 8) Kunyaga no gusambura no gusenya amazu y'abandi.

- d. Baza ico abantu bakora kugira ngo bakingire amahoro kandi barandurane n'imizi izo ntambamyi? Aho mushobora kugira ibiganiro, aho umwigishwa wese avuga ico yipfuza.
- e. Abarongozi bokora iki kugira ngo bafashe mu kurandurana n'imizi izo ntambamyi z'amahoro? No ngaha nyene ha umwidegemvyo abigishwa bayage igijanye n'ivyo.

**Inyishu zawe:** Nk'uko twamaze kubibona, kuba umunyamahoro no kuba uwuremesha amahoro ntibivuga kuzinga amaboko. Abarongoye abandi bakwiye kuba imboneza z'ivyo kubungabunga amahoro no kuyaremesha. Bakwiye kandi no kwubahura abo barongoye mu kutagira za nyifato twadondagura zibera intambamyi amahoro.

Intambamyi nkuru y'amahoro n'ubwoba kubera ubwoba bwo kutaba muri bamwe babuza amahoro. Kenshi abantu baratinya, bakaba ba ntirumveko. Ariko twarabonye mu magume ko hari abakingiye abandi. Ivyo babishoboye kubera gutsinda ubwoba. Mu kirundi baca umugani ngo: “*Ubwoba bunyaga ubugabo*”.

Ni nkenerwa kandi kumenya y'uko ku hari amahoro bidasigura y'uko ata kagorane na gatoya kaba kariho. Kutumvikana ntikubura. Ingorane no kutumvikana n'ibice bitugize. Hatari utwo tugorane n'uko kutumvikana ntagukura kwobaho kandi n'ubuzima ntibwoba buryoshe na gatoya kuko ata cohinduka.

Ubushakashatsi bwerekana y'uko gusotorana atari ivyo turinda kwigishwa. N'aho bivugwa y'uko turemwe turi abantu basotorana, ni ko no kuvyerekeye amahoro bimeze. Twaremwe turi abantu bashobora kuremesha amahoro kuko igice kigize amahoro muri twebwe ni co gicungera ca kindi co gusotorana kiri muri twebwe.

Ibi bintu vyarahaririweko cane. Yamara nimba ugusotorana vyigwa, ni ko n'ukwigisha abantu amahoro bica biba ivya nkenerwa cane kugira ngo tugwanye amakuru ateranya abantu.

Ntiturondera gukuraho no kurandurana n'imizi ingorane canke amatati yamara turondera uburyo bwiza bw'amahoro bwo gutatura amatati no gutorera umuti izo ngorane kuko zozo ni zo zigize ubuzima. Iki ni co twita kwigisha abantu ivyerekeye amahoro.

## B. INTAMBUKO YA GATANU : IVYO GUKURIKIZA

1. Uyu n'umwanya aho abigishwa basabwa gufata umwanya uhagije bavuga ikije mu mutwe cose cerekeye amahoro. Muri uyu mwanya kandi berekana ico boshobora gukora no gushikaho ubwabo kugira ngo habe uguhinduka, habe amahoro mu kibano, mu kazi iwabo, mu ntara iwabo no mu gihugu cose.
  - a) Basabe bamare umwanya biyumvira kuri izi ntambuko zikurikira hanyuma baganire ivyo babonye, biyumviriyie, bavumbuye.

- b) Hanyuma usabe abigishwa bava mu ntara imwe canke muri segiteri imwe baje hamwe kugira ngo barabire hamwe ivyo bogenda bapfunditse ko boshika bakora bavuye muri uru ruganda.
- c) Hanyuma ubasabe bongere baje hamwe mu murwi munini kugira ngo bungurane iviyiyumviro na bagenzi babo.
- d) Umwigisha ategerezwa gutanga iminuta itanu ku mwimenyerezo w'umugwi w'abava hamwe n'iminuta 20 ku mwimenyerezo w'umurwi wa bose.

Bimwe mu vyo bashobora gupfundikira hamwe ni nk'ibi :

- 1) Guhitamwo guhinduka ubwabo nyene, bakaba abaganira n'abaremesha amahoro
- 2) Kuvugana n'imiryango yabo ivyerekeye amahoro, gukiza inguma zo mu mutima no guhuza.
- 3) Kwigisha amahoro n'iviyiyumviro vyo kutarenganya, ivyigwa vy'ubutungane mu mashule, mu materaniro y'insengero no mu misigit.
- 4) Kwiga vyinshi ku vyerekeye uguhuza kugira habeho ugutorera umuti amatati n'intambara.
- 5) Kwandika indirimbo n'udukino twerekeye amahoro gerageza ufashe abigishwa bawe kubikora, kandi bace babikinira abandi.
- 6) Andika uri kumwe n'abigishwa bawe urutonde rwo kwigisha amahoro uzoshikiriza kw'iradiyo nka kurya mwandika amatangazo yo kubika n'ibindi.
- 7) Fasha mu gushinga no gushiraho amakomite y'amahoro canke ibibanza bizomenywa n'abantu bose vyitirirwa amahoro. Aho hantu hokwitwa: AHANTU H'AMAHORO.
- 8) Tegura amakete mushobora abarongozi n'abandi bantu bakomeye mubasabe kwitangira amahoro, kuyarondera no kuyakorera hamwe n'ubutungane, kugwanya akarenganyo kose iyo kava kakagera.

Tanga umwanya ukwiye ku bigishwa bashobore kwerekana ivyo bapfunditse imbere y'abandi. Murashobora no guhamagara abantu bavuye hanze kurorera ivyo birori.

Asangwa hateguwe igikino c'ivyo amahoro, ni bagikine neza bivuye ku mutima. Bishobotse abantu bo hafe baze kukirorera.

Asangwa bateguye itangazo ryo gucisha kw'iradiyo ni murondere ingene rishobora gushikayo.

Ku vyerekeye AHANTU H'AMAHORO, na ho ni musohoke muhahagarare muherekane muhashire ibuye canke ikimenyetso kiboneka. Muritonda, aho hantu ntihabaye rwanyu, ariko hashobora kuba ari aha reta hagaca haguma hibukwa gurtyo nyene.

Ni mwafundika gushinga amakomite y'amahoro na ho ni mucce mugira akanya ko kuyatunganya, murondere umurongozi n'abafasha biwe babiri.

Amakete na yo mwokwandikira abarongozi na yo yoba akwiye kuba ayatarimwo ugutata ariko arimwo ugushima ibimaze gukorwa mu bijanye n'amahoro hanyuma akabamwo ivyipfuzo vyanyu museruye mu burwaneza.

Umwigisha arangize ashimira abitavye uruganda, abasabe gushira mu ngiro ivyavuzwe vyose.